


Battery[®] B-bagra

www.bbagra.com.ht

Aditif Batri Desilfatasyon



Pwoblèm

Lè on batri gen on ti tan nan sèvis, gen on kouch silfat ki fòme e ki bouche selil yo, sa ki fè ke batri a pa ni resevwa, ni voye enèji men m jan ak lè li te tou nèf.



Solisyon

Aditif Battery bb-agra, se on pwoteksyon ki la pou ede e evite ou gen pwoblèm batri ak enèji. Non sèlman Bb-agra netwaye selil batri yo, men li restore e amelyore kapasite pou yo voye plis kouran e li pwolonje lavi yo.

Pwoblèm sa reprezante

80%

nan rezon kifè on batri domaje.

Men kèk bagay ki ka fè sa rive e lakoz on batri domaje :

- Batri a seche.
- Batri a pran chaj san li pa gen dlo ladan li.
- Batri a rete twòp tan san li pa chaje
- Batri a pase plis tan ke li te sipoze pase nan chaj
- Batri a ap bay sèvis depi kèk tan

Men kèk lòt bagay Battery Bb-agra fè

Lè ou ajoute on dòz Bb-agra nan batri yo, li reyaktifye, netwaye e evite silfatasyon, san ke ou pa menm bezwen retire dlo batri yo.

Pi bon nouvèl la, li pèmèt batri yo fonksyone tankou yo te tou nèf.

Pwolonje lavi batri yo.

Chak fwa ke ou santi batri yo silfate oswa pa founi ase enèji, ajoute Battery Bb-agra®.

Ogmante demaraj anpè batri yo.

Battery Bb-agra® kenbe selil yo pwòp e pèmèt batri yo founi tout enèji ke yo sipoze founi, tankou yo te tou nèf.

Diminye tan batri yo pase ap pran chaj.

Battery Bb-agra® ap pèmèt batri yo pran bon jan chaj, nan mwens tan ke posib.

Pèmèt batri yo kenbe plis chaj.

Batri yo aksepte 100% chaj yo pran an, pou yo gen pliz rezèv enèji ki ka delivre pou on tan pi long lè sa nesèsè.

Fonn kouch silfat ki fòme nan selil yo.

Battery Bb-agra® fonn silfat la e voye li jis nan pati enferyè batri yo.

Anpeche akimilasyon silfat.

Battery Bb-agra® se on pwoteksyon ki anpeche silfat fòme nan selil batri yo, kèlke swa li nèf ou deja desilfate..

Redwi evaporasyon.


Nan prosesis lavaj selil yo, Battery Bb-agra® bese tanperati a on manyè pou batri yo aksepte e pran chaj ya p ba yo a. Sa a ap gen bon jan enpak pozitif sou konsomasyon dlo nan batri yo.

Batri yo chaje a 100%.

Batri yo resevwa 100% chaj yo pran an paske selil yo pwòp e pa gen rezistans pou eletron yo pase nan mitan yo.



Batri Silfate



Batri Desilfate



Resikle batri ou yo
Tire meyè avantaj de
batri ou yo



Ede redwi emansyon CO2,
paske li pèmèt batri yo
konsomen mwens enèji lè
yo ap pran chaj

Ou pa bezwen retire dlo ki nan batri yo

- Konsa ou pa p polye anviwonman an
- Ni domaje rad ou



Silfat la elimine e ale akimile nan plak enferyè yo sa ki remete selil yo tou nèf.

Pwoteje anviwonman an e tire tout avantaj de batri ou yo.

Kesyon kliyan yo poze souvan



1. Kijan Battery Bb-agra fonksyone?

Lè ou ajoute on dòz bbagra nan elektwolit ki egziste nan chak batri, sa a ap kreye on reyaksyon elektrokimik qui ap fonn epi anpeche sediman ki konn fòme sou plak yo lè ou ap itilize batri a. Bbagra antre nan plak plon yo e li redwi silfatasyon ak korozyon nan tèminal yo..

2. Eske li kapab domaje batri yo?

Gen batri ki ka genyen selil nan sikwi kout oswa nan anpil ka, jonksyon nan mitan selil yo tèlman fèb a koz de silfatasyon ke pandan pwosesis netwayaj avèk Battery Bbagra, selil yo avèk ogmantasyon fli kouran an nan mitan yo kase, paske yo pa sipote kouran ki antre an, menm jan ak lè yo te nèf. Nan lòt mo, batri yo te deja nan trè movè eta e pat ka itilize ankò.

3. Ki kantite nan pwodwi sila pou mete nan batri yo?


Tou depan de batri yo, pwodwi a genyen endikasyon yo sou li -Flakon 4 ons lan gen on pati nan do boutèy la ki bay endikasyon sou dozaj la ; Konsènan flakon 12 ak 32 ons lan, yo genyen on ti kèp 15 ml ki vini avèk yo pou kliyan an kapab mezire dozaj la ;. Pou machin, dòz la se 1/2 ons pou chak vè oswa selil. Pou varyatè (inverter), dòz la se 2 ons pou chak vè oswa selil.

4. Eske fòk dlo ki nan batri an soti?

Pi bèl bagay nan pwodwi sa se ke kliyan an pa bezwen retire dlo ki nan batri yo pou fè antretyen oswa ajoute Battery Bbagra. Sèlman ajoute dòz ki espesifye sou pwodwi a, konsa pap gen risk ranvèsman e salisman batri yo.

5. Chak kilè pou pwodwi sila itilize?

Li rekòmande ke ou aplike pwodwi sila chak 6 mwa nan batri yo epi kontinye fè sèvis ladan yo tou. Sonje ke pwodwi a fonn silfat ki akimile nan batri yo. Sa pral depann de kijan ou kenbe batri yo.



6. Kisa ki rive silfat yo?

Silfat ki akimile e fòme kouch nan selil yo fonn e ale nan pati enferyè batri yo. Lè sa a, selil yo pwòp e pa gen ankenn silfat prezan ladan yo sa ki pèmèt ekoulman.

7. Eske batri yo ap tounen nèf?

Après yon desilfatasyon konplè, batri yo ap fonksyone tankou yo te nèf. Batri ki gen selil pwòp e konplè yo menm, restorasyon an reyisi pi byen toujou. Après tretman an, batri yo lib de tout silfatasyon e selil yo kapab pran tout enèji ke yo sipoze pran.

8. Eske pwodwi sila aji sou batri nèf tou?

Pwodwi sa a pi efikas toujou sou batri nèf paske non sèlman li fè prevansyon pou silfat la pa fòme men li elimine tout evantyèl silfat ki te ka nan batri yo avan ke ou te achte yo.

9. Eske pwodwi sila aji sou batri sele oswa jèl?

Li pa posib pou ajoute Battery Bb-agra nan batri sele paske yo pa genyen twou pou respire nan nenpòt reyaksyon desilfatasyon. Se menm bagay pou batri jèl yo. Yo pa konpatib ak Battery Bb-agra.

10. Eske Bbagra domaje solisyon batri yo?

Battery Bb-agra® pa chanje konpozisyon elektwolit batri yo. Pa gen okenn risk pou domaje on batri lè ou ajoute aditif la, menm si ou ta depase dòz la oswa pa mete kantite ou te sipoze mete.

11. Nan ki kalite batri pwodwi sila ka itilize?

Bbagra fonksyone nan batri plon asid, machin, moto, kamyon ak varyatè (Inverter).

Sepandan, li se ideyal pou batri varyatè paske an plis ke yo se sik pwofon, yo 100% plon e pa gen okenn alyaj.

12. Nan ki prezantasyon pwodwi sila vini?

Boutèy 4 ons lan, vini nan on kès ki gen 24.

Boutèy 12 ons lan, vini nan on kès ki gen 24.

Boutèy 32 ons lan, vini nan on kès ki gen 12.

Wa p jwen endikasyon pou itilize pwodwi a, nan do chak boutèy.



Mòd danplwa

Nan pwosesis aktivasyon avèk bbagra, ou dwe kite batri yo nan itilizasyon nòmal (chaje e dechaje) pou omwen 5 sik chaj ak dechaj pou pwodwi a ka travèse batri yo e kòmanse fonn tout sediman ki akimile yo. Pwosesis sila ka pran 5 jou jiska yon mwa. Sa pral depann nan ki eta batri yo silfate..

Pou ka jwen pibon rezilta, li rekòmande pou itilize bbagra nan batri ki nèf, sa ki ap pwoteje e anpeche silfatasyon nan selil yo. Ansyen batri yo ka repara tou. Men sa pral depann de nivo silfatasyon yo nan moman tretman an. Ak on itilizasyon korèk de Battery Bb-agra, batri yo pa p domaje..

Chaje oswa egalize ekipman ou apre ou fin ajoute Battery Bb-agra. Sa ap ede pwodwi a sikile epi kòmanse netwaye ak relanse selil yo..

Kantite Battery Bb-agra ou bezwen pou netwaye batri yo konplètman, pral depann nan ki nivo batri yo silfate. Nan ka ki nesesè, itilizatè a ap bezwen bay on dezyèm dòz pou batri a ka rekipere konplètman.

Battery Bb-agra pap reaktive batri ak selil dezintegre, sikwi kout, ouvè oswa ak ti kras dansite elektrolit. (1.115 Specific Gravity).



**Battery[®]
B-agra**
www.bbagra.com.ht

Prezantasyon:

12 Ons

Boutèy 12 ons lan,
vini nan on kès ki gen 24
24 Boutèy 12 Ons Fl (354 ml)
Width: 10.24 in (10.24 cm)
Depth/Length: 14.96 in (38 cm)
Height: 8.66 in (22 cm).
Weight: 28.5 lb. (12.95 Kg.)



32 Ons

Boutèy 32 ons lan,
vini nan on kès ki gen 12
12 Boutèy 32 Ons Fl (944 ml)
Width: 10.63 in (27cm)
Depth/ Length: 13.78 in (35cm)
Height: 10.43 in (26.5 cm)
Weight: 35.25 Lb (3.97 Kg)



YEO Trading - Import & Export
Rue Faubert, Petion Ville.
Port au Prince, Haiti.
Tel.: 509.4033.3636
info@bbagra.com.ht
www.bbagra.com.ht

batterybbagra

@batterybbagra